

Jistis ak Lapè Achiduosèz Pòtoprens

Sekretarya Achiduosèz Pòtoprens
14, Ri Waag, Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Secrétariat national
BP 1572, Port-au-Prince Haïti 6110
Tel 29 43 00 79
cenjp@yahoo.com
www.justicepaixhaiti.org.ht

Vyolans nan lari zòn metropolitèn nan
Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

**JE WE,
BOUCH FÈT POU PALE**

Mwa avril rive jen 2019

***Masak Lasalin, masak Kafou Fèy :
Jiskounye a pokon gen jistis pou viktim yo***

71

Orijinal an kreyòl
Texte en français : voir pages 3 et 14-20
Résumé en anglais, p. 4 ; en espagnol, p. 5
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source

Lèt toulouvri pou otorite Egzekitif, Lejislatif, Jidisye ak Polisyè ayisyèn yo

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè nan kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè Achidyozè Pòtoprens salye nou ak anpil respè.

Rapò sou sitiyasyon vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens dezyèm trimès 2019 la, prezante sitiyasyon ensekirite nan zòn metwopolitèn nan espesyalman nan komin Pòtoprens nou rejistre plis ka moun ki mouri ak zak vyolans. Vyolans se moun ki kreye l, se moun tou ki kapab chanje l. Sa k ap pase nan mache Kwadèbosal, Lasalin, Bisantnè, sòti 1^e pou rive 5^e avni Bòlòs, Vilaj Dedyé, Matisan, Ti Bwa, Gran Ravin, Savann Pistach, Pòtay Leyogàn, elatriye... kote chak jou Bondye mete se ak gwo kè kase popilasyon k ap viv nan zòn sa yo epi lòt moun k ap pase nan zòn sa yo ap viv, kote se gwoup gang yo ki fè lalwa nan katye sa yo san okenn respè pou lavi ak diyite moun.

Pou sa ki konsènen mache Kwadèbosal ki se pi gwo mache piblik ki genyen nan peyi a, ki tounen depi kèk tan, teyat plizyè gwoup gang ak zam dwe gen yon bagay ki fèt an ijans. Batay pou pran resèt yo se youn nan pi gwo kòz ki mennen lagè ant gwoup gang sa yo pou kontwòl mache a. Nan dènye jou sa yo, moun ak zam yo vin san pitye, yo pa epanye pèsòn lè y ap fè echanj kout zam nan mache a. Ti machann ak moun ki vin achte konn plis viktim, men nenpòt moun k ap rantre/sòti nan mache a kapab pran bal moun k ap tire nan moman afwontman gang ak gang yo.

Devan sitiyasyon malouk sa a, Komisyon an ap mande : ki kote zam ak minisyon sa yo sòti k ap detwi lavi moun nan lari Pòtoprens ak nan katye popilè yo ? Poukisa se nan katye sa yo kote moun yo pa gen gwo mwayen lajan, jèn yo ap itilize gwo zam fann fwa nan men yo pou detwi lavi moun ? Poukisa otorite Polisyè ak Lajistis pokò aji sou sa k ap pase nan 3^e sikonskrisyón Pòtoprens lan ? Komisyon an mande : Ki kote ankèt ofisyèl yo rete pou klarifye sa k pase epi pou devwale diferan moun ki konplis nan vyolans la ?

Komisyon an kondane tout zak vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, an patikilye, vyolans k ap fèt nan 3^e sikonskrisyón Pòtoprens ak nan mache Kwadèbosal. Leta nan tout dimansyon l dwe pran reskonsabilite l devan sitiyasyon sa a, otorite yo dwe kreye bonjan kondisyon sekirite yon mannyè pou popilasyon an kapab sikile libelibè epi ale nan aktivite toulèjou yo.

Lavi ak diyite moun se yon bagay ki sakre. Pèsòn pa kapab deside retire lavi yon lòt moun, paske pèsòn pa mèt lavi. Komisyon an kwè Leta pa kapab kontinye ak menm konpòtman pouryanis sa a pandan popilasyon an ap mouri anba bal moun ak zam. Sitiyasyon sa a dwe chanje.

Sekretarya Komisyon an remèsyè sèvis nan Leta a ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon oswa done. Komisyon an remèsyè tout moun pou bonjan akèy n ap bay 71 rapò sou sitiyasyon ensekirite ak vyolans nan zòn metwopolitèn nan.

Lettre ouverte aux autorités Exécutives, Législatives, Judiciaires et Policières Haïtiennes

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'Archidiocèse de Port-au-Prince vous salue avec respect.

Ce rapport du deuxième trimestre 2019 présente la situation d'insécurité dans toute la zone métropolitaine. Spécialement dans la commune de Port-au-Prince, nous avons enregistré le plus grand nombre de personnes victimes suite aux actes de violence. ***C'est l'homme qui crée la violence et c'est aussi l'homme qui est capable de la stopper.*** Ce qui se passe au marché de la Croix des Bossales, à La Saline, au Bicentenaire, de la première à la cinquième avenue Bolosse, au Village de Dieu, à Martissant, Ti Bois, Grande Ravine, Savane Pistache, Portail Léogane, etc... est indescriptible. Chaque jour qui se lève est un cauchemar pour les populations qui vivent dans ces zones où des groupes armés font la loi, sans aucun respect pour la vie et la dignité des personnes.

La Commission attire l'attention spécialement sur ce qui se passe au marché de la Croix des Bossales qui est le plus grand marché public en Haïti, et qui est devenu depuis quelque temps un théâtre d'opération de plusieurs gangs armés. La lutte pour faire les recettes sur le dos des marchand(e)s est l'une des plus grandes causes qui entraîne cette guerre entre ces gangs qui cherchent à s'approprier les recettes du marché. Ces derniers jours, les gens armés agissent sans pitié ; ils n'épargnent personne lorsqu'ils s'affrontent avec des armes à feu. Les marchand(e)s, acheteurs et passants sont le plus souvent les victimes ; toute personne qui entre ou sort est susceptible de recevoir une balle provenant des coups de feu des bandits.

Devant cette situation malheureuse, la Commission s'interroge : D'où viennent les armes de guerre utilisées pour détruire la vie des gens ? Pourquoi c'est dans ces quartiers pauvres et populaires que les jeunes apparaissent chaque fois avec des armes de guerre pour détruire la vie des personnes comme eux ? Pourquoi les autorités policières et judiciaires n'ont pas encore réagi sur ce qui se passe dans la 3^{ème} circonscription de Port-au-Prince. Pourquoi cette absence d'enquêtes officielles sur les faits et les complicités ?

La Commission condamne tout acte de violence qui se perpétue dans la zone métropolitaine ; elle condamne de façon spéciale les actes de violence qui sont perpétrés dans la 3^{ème} circonscription de Port-au-Prince et au marché de la Croix des Bossales. L'Etat doit prendre ses responsabilités devant cette situation ; les autorités doivent particulièrement créer des conditions de sécurité afin que les populations puissent circuler librement et exercer leurs occupations tous les jours. Personne n'est maître de la vie, ainsi la Commission croit que l'Etat ne devrait pas continuer avec ce comportement irresponsable où aucune mesure sécuritaire n'est prise, alors que la population est en train de mourir sous les balles des gens armés. Il faut que cela change.

Le secrétariat de la Commission remercie les autorités de l'Etat qui lui ont permis d'accéder à ou de vérifier certaines de ces informations sur la violence que nous observons dans la zone métropolitaine. La Commission vous remercie tous pour le bon accueil que vous réserverez à ce 71^{ème} rapport sur la situation d'insécurité et de violence en zone métropolitaine.

Open Letter to the Executive, Legislative, Judicial and Police Authorities haitian

The Episcopal National Commission on Justice and Peace, in collaboration with the Commission on Justice and Peace of the Archdiocese of Port-au-Prince, greet you respectfully.

This report deals with the situation of insecurity during the second quarter of 2019 throughout the Metropolitan area. Especially in the city of Port-au-Prince, we recorded most cases of people who died as a result of acts of violence. *Violence is created by human beings; hence only human beings are able to stop them.* What happens at the Croix-des-Bossales Market, at La Saline, in the area of Bicentenaire, starting from the 1st till the 5th Bolosse Avenue, at Village-de-Dieu, Martissant, Ti Bois, Grande Ravine, Savanne Pistache and Portail Léogane, and even further on ... Each day that dawns brings a new nightmare for the populations living there, since armed gangs make the laws without any respect for the life and dignity of the people.

The Commission draws again the attention to what is happening at Croix-des-Bossales market, which is the largest public market in Haïti, and who became recently a theater of major confrontation between several groups of armed gangs. The struggle to make the recipes on the back of the merchants is one of the major causes that led the war between these gangs that are seeking to control the market. These days, the weapon people show no mercy; they spare no one during the violent clashes and exchange of firearms. Merchants and those who come to buy are more often victims of these clashes between gangs; all those who enter the place are likely to become victims of the shootings by those weapon people.

Confronted with this situation, the Commission wonders: where did the weapons that destroy people's lives come from? Why does it happen in poor and popular neighborhoods that young people manifest themselves with big weapons to destroy the lives of their fellow people? Why didn't the police and the judicial authorities intervene on what happens in the 3rd section of Port-au-Prince? Why are no official reports published on these facts and the complicities that are involved?

The Commission condemns any act of violence that continues in the metropolitan area; it condemns the acts of violence that are perpetrated in the 3rd section of Port-au-Prince and the Croix-des-Bossales market in a special way. The Government must assume its responsibilities in this situation; the authorities in particular must create security conditions so that people are able to move freely and go about their daily business. Because no one is the master of human life, the Commission believes that the State cannot continue with this irresponsible behavior where nothing is done to take security measures while the population is dying under the bullets of weapon people. This must change.

The secretariat of the Commission thanks the State Authorities that allowed it to verify some of its informations on the violence that we see in the metropolitan area. The Commission thanks them for the good reception that they will give to this 71st report on the situation of insecurity and violence in the Metropolitan area.

Carta abierta a las autoridades ejecutivas, legislativas, judiciales y policiales de Haití.

La Comisión Nacional Episcopal Justicia y Paz, en colaboración con la Comisión de Justicia y Paz de la Arquidiocesis de Puerto Príncipe, los saluda con respeto.

El informe del segundo trimestre de 2019 presenta la situación de inseguridad en toda el área metropolitana ; Especialmente en la comuna de Puerto Príncipe, hemos registrado más casos de personas que mueren como resultado de actos de violencia. Es el hombre quien crea la violencia y también es el hombre que puede detenerla. Lo que sucede en el mercado Croix-des-Bossales, La Saline, el Bicentenaire, la primera a la quinta avenida Bolosse, el Village-de-Dieu, Martissant, Ti Bois, Grand Ravine, Savanne Pitache, Portail Leogane, etc. donde cada día que se levanta es una pesadilla para las personas que viven en estas

áreas donde los grupos de pandillas hacen las leyes sin ningún respeto por la vida y la dignidad de las personas.

La Comisión llama la atención sobre lo que está sucediendo en el mercado Croix-des-Bossales, el mercado público más grande de Haití, que recientemente se ha convertido en un teatro para varios grupos de pandillas armadas. La lucha por ganar dinero a costa de los comerciantes es una de las principales causas de la guerra entre estas gentes armadas, cada una de las cuales busca controlar el mercado. En los últimos días, las personas armadas vienen sin piedad ; No ahorran a nadie cuando chocan con el intercambio de disparos en el mercado. Los comerciantes y los que vienen a comprar suelen ser víctimas de estos enfrentamientos entre gentes armadas ; Cualquiera que entre o salga es probable que reciba una bala de disparos.

Ante esta situación lamentable, la Comisión se pregunta : ¿ De dónde provienen las armas de guerra utilizadas para destruir la vida de la personas ? ¿Por qué es en estos barrios pobres y populares donde los jóvenes aparecen cada vez con grandes armas para destruir la vida de personas como ellos ? ¿Por qué las autoridades policiales y judiciales aún no han reaccionado a lo que está sucediendo en el tercer distrito de Port-au-Prince ? ¿Por qué esta ausencia de investigaciones oficiales sobre hechos y complicidad ?

La Comisión condena todos los actos de violencia perpetrados en el área metropolitana, Condena de manera especial los actos de violencia perpetrados en el tercer distrito de Port-au-Prince y en el mercado Croix-des-Bossales. El Estado debe asumir la responsabilidad de esta situación. Las autoridades deben crear especialmente condiciones de seguridad para que las poblaciones puedan Circular libremente e ir a sus ocupaciones diarias. Debido a que nadie es un maestro De la Vida, la Comisión cree que el estado no debe continuar con este comportamiento irresponsable donde no se hace nada para tomar medidas de seguridad mientras la población muere bajo las balas del gente armada debe cambiar la secretaría de la Comisión agradece a las autoridades del Estado que le permitieron acceder o verificar parte de esta información sobre la violencia que observamos en el área metropolitana.

La Comisión les agradece a todos por su buena acogida en este informe número 71 sobre la situación de inseguridad y violencia en el área metropolitana.

Mme Jocelyne COLAS NOEL, Directrice Nationale

M. Joël JOSEPH, Secrétaire Général de Jilap Port-au-Prince

M. Jean Bernard MARCELIN, Responsable de l'Observation

Obsèvasyon an ak publikasyon rapò sa a kapab fèt gras ak konkou finansye Adveniat / Almay.
Se Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ki reskonsab sa ki ekri nan rapò sila a.
Nenpòt moun ki sèvi ak rapò sa a dwe bay sous la

ADVENIAT



Obsèvasyon JILAP ap fè nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan Sa ki te atire atansyon nou nan dezyèm trimès 2019 la

Pou dezyèm trimès lane 2019 la, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè obsève 123 ka moun ki mouri ak zak vyolans nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan. Pami yo genyen 84 ki mouri ak bal, 6 ki mouri ak zam blanch, 21 ki mouri nan aksidan machin, 11 moun ki mouri nan move tan ak 1 ka nou pa rive idantifye kòz lanmò li.

Dezyèm trimès lane 2019 la, menm jan ak premye trimès la, te make ak yon seri manifestasyon kont prezidan Jovenel Moïse ak tout gouvènman an plas la. Manifestasyon sa yo te dire plis pase de (2) semèn, nou rejistre plizyè ka moun ki mouri, moun ki blese ak kèk dega materyèl. Plis toujou, moun k ap viv nan katye popilè yo pa janm sispann konte kadav. Prèske chak jou, plizyè jèn anndan katye popilè yo pèdi lavi yo nan move kondisyon akòz masak yo ki kontinye ap fêt. Nèg ak zam achte katye popilè yo lajan kontan, yo anpeche popilasyon an fonksyone nan aktivite yo ak sikile libelibè jan yo vle. Bagay sa a lakòz anpil moun sove kite lakay yo pou al dòmi sou plas piblik ak devan kèk mache piblik nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan.

Komisyon an remake pou dezyèm trimès la, pou pi piti, chak jou yon (1) moun mouri ak zak vyolans nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan. Majorite zak vyolans yo konsantre nan kèk katye popilè nan komin Pòprens, tankou : Vilaj Dedyé, Lasalin ak mache Kwadèbosal.

Komisyon an byen konsyan li pa rive anrejjistre tout ka moun ki mouri ak zak vyolans nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan, men li kwè chif sa yo kapab ede otorite yo, yo chak bò kote pa yo, defini yon pi bon plan sekirite ki kòrèk pou kwape sitiyasyon vyolans sa a k ap fè san koule nan anpil katye popilè.

Tablo mwa avril rive mwa jen 2019
Fason nou analize vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens

Tableau synthèse de la violence à la zone métropolitaine de Port-au-Prince

| | | Mwa avril 57 viktim | Mwa me 29 viktim | Mwa jen 37 viktim |
|---|--|---------------------------|------------------------|-------------------------|
| a. Sou idantite viktim yo | | | | |
| Polisye ak ajan sekirite ki viktim | | 2 | 4 | 3 |
| Fanm ki viktim | | 5 | - | 1 |
| Timoun ki viktim | | - | - | - |
| Viktim yo pa konnen kilès yo ye | | 48 | 17 | 30 |
| Viktim yo konnen kilès | | 9 | 12 | 7 |
| b. Sou lakòz lanmò yo | | | | |
| Moun ki mouri ak bal | | 38 | 19 | 27 |
| | Moun ki mouri ak bal lapolis | 3 | 1 | 5 |
| | Moun ki mouri nan awfowntman ak polis | - | - | - |
| | Moun ki mouri ak bal moun ame ki nan gang | 12 | 1 | 6 |
| | Viktim awfowntman ant gang ak gang | 11 | 4 | 6 |
| | Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye | 12 | 13 | 10 |
| Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt | | 3 | 3 | - |
| Moun ki touye tèt yo | | - | - | - |
| Moun ki mouri nan aksidan | | 14 | 6 | 1 |
| Moun ki mouri nan move tan | | 2 | 1 | 8 |
| Lòt kòz ak sa yo pa konnen | | - | - | 1 |
| c. Sou kèk katye : ki kote | | | | |
| Komin Pòtoprens | | 19 | 12 | 10 |
| Komin Site Solèy | | 16 | 1 | - |
| Komin Kafou | | 1 | 2 | 7 |
| Komin Dèlma | | 14 | 3 | 11 |
| Komin Petyonvil, wout Frè | | 2 | 7 | 4 |
| Komin Taba | | - | - | 2 |
| Komin kwadèboukè | | 5 | 4 | 3 |
| d. Sou kèk lòt sikonstans | | | | |
| Moun ki mouri sou etikèt vòlò | | - | - | - |
| Etikèt kidnapè/bandi | | 2 | 2 | - |

Konsta yo

- a) Depi kèk tan, 3^{zyèm} sikonskripsyon komin Pòtoprens lan rete youn nan gwo defi sou plan sekirite pou Leta ayisyen. Sòti Pòtay Leyogàn, rive 1^e jiska 5^e avni Bòlòs, Kafou Fèy, Savann Pistach, Gran Ravin, Tibwa, Vilaj Dedye, Bisantnè jiska Fontamara se ak gwo kè kase popilasyon ki rete zòn sa yo ap viv. Anpil ladan yo déjà pati kite lakay. Jiskounye a Lapolis la poko kapab tabli yon bonjan plan sekirite yon mannyè pou fè tout moun sila yo reprann konfyans epi retounen lakay yo.
- b) Mache Kwadèbosal ki se pi gwo mache piblik ki genyen nan peyi a, tounen depi kèk tan, teyat plizyè gwoup gang ak zam. Batay pou pran resèt yo se youn nan pi gwo kòz ki mennen lagè ant gwoup gang sa yo pou kontwòl mache a. Nan dènye jou sa yo, moun ak zam yo vin san pitye, yo pa epanye pèsòn lè y ap fè echanj kout zam nan mache a. Ti machann ak moun ki vin achte ki conn plis viktim, men nenpòt moun k ap rantre/sòti nan mache a kapab pran bal moun ame nan moman awontman gang ak gang yo. Chak jou moun ap mouri nan mache Kwadèbosal la anba je otorite Lapolis ak Lajistis. Sepandan, li pa fasil pou Komisyon an konnen toutbon vre kantite moun ki mouri nan mache Kwadèbosal la, akòz move pratik otè zak kriminèl sa yo aplike ki se disparèt tout tras kadav yo fin touye tankou : rache, boule epi mete nan sak tout moun yo fin touye. Nou jwenn plizyè temwayaj ki konfime pratik sa yo.
- ch) Nan senk (5) dènye ane sa yo, Komisyon an konstate genyen yon amelyorasyon nan domèn transpò nan peyi a, sitou nan sa ki gen awè ak trajè ant yon depatman ak yon lòt. Men tou, amelyorasyon sa a posib gras ak kèk envèstisman prive nan domen sa a, men plis travay rete pou fèt bò kote Leta a. Peyi a pa kapab kontinye aksepte gwo kamyon ki chaje jouk nan kou (ak machandiz+moun) k ap kouri ak tout boulin sou wout nasyonal yo , ti bis pappadap yo k ap double lòt machin san kontwòl sou wout nasyonal yo, epi pa gen yon sèvis enspeksyon valab pou verifye eta delabreman kamyon ak ti bis sa yo. Bagay sa yo ban nou gwo kè kase paske yo lakòz anpil aksidan. Komisyon an ap raple nou, nan dat 1^e me 2019 la yon ti bis pappadap ki te chaje ak jèn ki t ap sòti nan joune Fò Jak, chavire tèt anba sou wout Montay Nwa a nan komin Petyonvil, kat (4) moun mouri sou plas ak plizyè lòt blese grav. Jis kounye a, yo pa t anonsé okenn ankèt pou konnen sa ki te lakòz aksidan sa a.

Pou ratre pi fon nan analiz la

1- Ki kote zam ak bal ki nan katye popilè yo sòti ?

Reyalite gwoup gang yo nan anpil katye popilè pa fasil pou konprann. Poukisa se nan katye sa yo kote moun yo pa gen gwo mwayen lajan, jèn yo genyen gwo zam fann fwa nan men yo pou detwi lavi moun ? Kidonk, pou anpil jèn nan katye popilè yo, manyen zam prèske vin tounen yon bagay ki nòmal, menm si yo konnen se menm zam sa a ki kapab detwi lavi yo.

Zam ak minisyon koute chè, yo pa fè yo nan peyi a. Ayiti anba anbago zam depi nan epòk koudeta kont Jean-Bertrand Aristide la. Li t ap difisil anpil pou se jèn ki mal manje a, ki pa ka mete yon bon rad, ki pa ka ale nan yon bon lekòl, ki pa gen aksè ak okenn espas rekreyatif pou li menm ak fanmi li oubyen paran l ki ta achte zam ak minisyon sa yo pou simaye dèy nan lari ak nan anpil katye anndan peyi a. Li enpòtan anpil pou sosyete a chèche konprann reyalite sa a, paske anpil fwa, jèn k ap viv nan katye popilè yo, yo menm tou konn viktим kondisyon lavi y ap mennen an :

- 1.1 Yo viktим sa k ap pase devan je yo chak jou ;
- 1.2 Yo viktим anba sa k pi gran pase yo epi k ap antrene yo nan vye zak malonèt ak touye moun;
- 1.3 Yo viktим kèk gwo bawon dwòg ak mayigwana ki konn itilize jèn sa yo pou regle biznis yo.

Lapolis prèske absan nan katye popilè yo. Anmenmtan, gen kèk polisye ki konn anpeche kèk bagay dwòl rive nan katye kote y ap viv la. Komisyon an sonje enspektè polis Alix Jean René ki te gen yon pozisyon klè sou kesyon banditis nan katye popilè yo. Enspektè polis la te patisipe nan otèl Plaza nan dat 5-6 sektanm 2018 la nan fowòm Komisyon an te òganize sou ensekirite ak vyolans.¹ Pandan de (2) jounen fowòm sa a, enspektè a te montre konviksyon li genyen pou l travay nan Lapolis la pou l kwape fenomèn vyolans lan nan katye popilè yo. Li te etone tandem gwo travay JILAP ap fè sou reyalite vyolans lan nan peyi a. Malerezman, jou ki te dimanch 26 me 2019 la, moun yo pa rive idantifye te assasinen enspektè polis Alix Jean René avèk 19 bal tou prè lakay li nan zòn pawas Sent Terèz Petyonvil. Enspektè Alix Jean René se te yon polisye konsekan ki te toujou kwè : « Lapè ak trankilite nan anpil katye popilè nan zòn metropolitèn Pòtoprens lan ap rive posib, gras ak bonjan kolaborasyon moun k ap viv nan katye sa yo ki viktим sitiyasyon vyolans lan

¹ Vyolans ak Kriminalite nan peyi d Ayiti : kisa ki lakòz li ? ki konsekans li genyen ? (rapò OBS # 68)

annakò ak otorite Lapolis epi Lajistis ». Se te konba sa a, li t ap mennen bò lakay li nan katye Jivena komin Petyonvil.



Foto intènèt

*« Lapè ak trankilite nan
anpil katye popilè nan zòn
metropolitèn Pòtoprens
lan ap rive posib, gras ak
bonjan kolaborasyon moun
k ap viv nan katye sa yo ki
viktim sitiyasyon vyolans
lan ak otorite Lapolis ak
Lajistis »*

Peyi a manke otorite nan tout nivo k ap aji tout bon vre pou fè bagay yo vanse. Sitou lè nou konsidere vyolans k ap fèt nan lari Pòtoprens ak nan katye popilè yo. Komisyon an, kwè bezwen genyen gwo desizyon ki pran pou rezoud pwoblèm vyolans lan nan peyi a, men tou, otorite k ap pran desizyon nan domèn sekirite anndan peyi a bezwen konnen ansanm travay refleksyon ki deja fèt nan sans sa a.

2- Gang ap fè rezo ak lòt gang

Reyalite gwoup gang ak zam nan peyi a la trè lontan, men itilizasyon gwoup gang sa yo pou regle zafè politik ak ekonomik anba je tout moun konsa, se yon pratik ki pa la twò lontan. Komisyon an reflechi sou tematik sa a plizyè fwa, dènye fwa se te nan fowòm nou te reyalize nan dat 5 ak 6 sektanm 2018 la. Nan fowòm sa a, diferan envite nou yo te gade : kijan gwoup gang sa yo ap vale teren epi konekte youn ak lòt, kijan tou gwoup gang yo konekte ak moun k ap fè politik epi moun k ap fè gwo biznis anndan peyi a.

Se prèske chak jou gwoup gang yo ap ogmante anndan peyi a. Pi fò gwoup gang yo tabli anndan katye popilè yo. Sa pa vle di yo pa konn konekte ant yo menm. Mete sou sa, tout zam sa yo k ap sikile tribòpabò anndan katye popilè yo vin reprezante yon vrè menas pou lib sikilasyon ak sekirite popilasyon an. Komisyon an fè nou sonje pawòl youn nan manm nouvo komisyon prezidansyèl dezameman an ki te di : « **mwen jwenn kontak yon seri chèf gang gras ak konkou lòt chèf gang... genyen chèf gang tou ki konn rele m an** »

pèsòn e mwen menm tou mwen konn rele yo....»². Pawòl la montre genyen kontak ant yon gwoup gang ak yon lòt gwoup gang. Reyalite popilasyon ap viv nan anpil katye popilè yo se yon gwo malè pandje ki dwe jwenn yon konsiderasyon espesyal bò kote enstans ki dwe aji sou pwoblèm vyolans sa a.

3- Lagè ant gang ak gang blije anpil moun kite lakay yo

Chak jou Bondye mete, moun ap vini nan sekretarya Komisyón Jistis ak Lapè pou pote dòleyans yo. Moun sa yo k ap viv nan zòn ki sibi anpil awfowntman gang ak gang ak masak nan dènye jou sa yo, blije kite lakay yo akòz yo pa kapab sipòte ankò, twòp moun mouri devan je yo, twòp fi viktim vyòl pandan awfowntman sa yo. Selon sa kèk deplase ki vin reklame akonpayman nan JILAP di : yo kite lakay yo pou al dòmi devan kèk mache piblik ak sou espas ak plas piblik.

Depi nan mwa janvye 2019, jouk jounen jodi a, sèvis jiridik Komisyón an kontinye ap resevwa divès kalte moun ki sòti nan plizyè katye popilè nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Moun sa yo vin pote plent kont moun ame k ap simen latwoublay nan zòn kote yo rete a. Sitiyasyon sa a lakòz gwo pwoblèm nan mitan fanmi sa yo, sitou ki déjà pa t genyen mwayen finansye pou reponn ak bezwen fanmi yo.

Sòti mwa janvye pou rive jouk jounen jodi a, Komisyón an déjà ranmase enfòmasyon sou chak fanmi sa yo ki nan sitiayson difisil, epi fè dosye yo rive jwenn Biwo Pwoteksyon Sitwayen ak Sitwayèn (OPC). Se konsa, OPC kreye yon platfòm refleksyon ki gen ladann : CE-JILAP, BPM, IBERS, MINUJUSTH, Terre des Homme elatriye... ki reyini chak 1^e vandredi nan yon mwa nan objektif pou gade sitiayson ekonomik ak politik peyi a, analize konsekans dwa moun yo nan sa k ap pase nan katye popilè yo epi gade kouman chak òganizasyon ki nan gwoup refleksyon an kapab entèvni nan domèn pa yo.

Nan sans sa a, Komisyón an déjà genyen enfòmasyon sou 57 fanmi ki te vin pote dòleyans yo nan sèvis jiridik la. Selon tout enfòmasyon ki rive jwenn nou, gen 7 ladan yo ki déjà jwenn yon sibvansyon nan men kèk òganizasyon entènasyonal ki nan platfòm refleksyon an. Komisyón an kwè li pa nòmal pou masak kontinye ap fêt nan katye popilè yo. Li pa nòmal pou moun kontinye ap dòmi sou plas piblik ak devan kèk mache piblik akòz bri zam ak zak vyolans yo k ap miltiplier devan je tout otorite nan peyi a ki pa fè anyen kont sa.

² Pawòl Jean Rebel DERCENA nan emisyon « pulsasion » nan tele Pluriel 24 juillet 2019. Men tou, li pale sou Vision 2000 ak jounal premye okazyon sou Caraibe FM.

4- Konpòtman pouryanis Leta ayisyen devan sitiyasyon vvolans lan nan katye popilè yo

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè ap fè travay obsèvasyon moun ki mouri ak zak vvolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan depi nan lane 2002. Rapò dezyèm trimès lane 2019 la fè Komisyon an rive nan 71^e piblikasyon li. Sepandan, jiskounye a Leta ayisyen poko pran mezi sekirite serye pou moun sispann mouri nan katye popilè yo.

Nan plizyè rapò Komisyon an pibliye déjà, nou denonse absans Leta nan katye popilè yo. Jan katye sa yo bati ak òganize, pa pèmèt yon patwouy Lapolis rive founi je gade ak pote pwoteksyon bay popilasyon an kont moun ame k ap bay pwoblèm nan katye sa yo. Mete sou sa, kote ki genyen yon sou komisarya oubyen yon antèn Polis nan kèk katye popilè tankou : Gran Ravin, Savann Pistach, Nan Beny, Matisan, Kanaran, Pòtay Leyogàn, Pòtay Sen Jozèf, elatriye... anpil fwa sou komisarya oubyen antèn Polis sa yo pa rive fè entèvansyon yo nan lide pou kwape fenomèn banditis lan vre. Okontré, nan kèk zòn se moun ame yo ki gen kontwòl sou komisarya oubyen antèn Polis sa yo nou kapab site ap egzanp sou komisarya Savann Pistach kote pandan lontan moun ame te gen kontwòl li.

Depi kèk tan, Vilaj Dedye tounen yon teyat vvolans ak tire bal lajounen kou lannwit. Anpil fwa, se afwontman ant yon gwoup gang ak lòt gwoup gang. Matisan, Vilaj Dedye se rantre ak sòti gran Sid peyi a. Pou yon ti krik ti krak gwoup gang yo konn deklannche katouch epitou pèsòn pa kapab pase nan zòn nan, se panik total. Jounen jodi a, zòn Vilaj Dedye a fè anpil moun pè nan peyi a. Malgré pozisyon jewografik zòn nan, Leta ayisyen poko janm fè anyen pou sitiyasyon sa a kapab chanje toutbon vre.

Leta ayisyen atravè Lapolis Nasyonal d Ayiti (PNH) pa kapab kite prèske senk (5) depatman bloke pou yon kesyon gang k ap teworize popilasyon an. Komisyon an kwè pratik lèsegrennen otorite ki nan Leta yo dwe fini, li pa nòmal pou yon otorite refize pran reskonsabilite l devan yon sitiyasyon k ap mete popilasyon an ajenou. Leta a pa kapab kwaze bra yo ap plenyen menm jan ak popilasyon an. Leta dwe kreye yon klima sekirite pou tout moun nan katye popilè yo tou. Sa se wòl li, se devwa l. Epi si gen moun ki viktim kanmenm, li dwe asiste yo. Sitiyasyon vvolans sa a dwe kaba.

Rekòmandasyon Komisyón an

1- Pou sa ki gen awè ak vyalans k ap fèt nan katye popilè yo :

Komisyón an mande Lapolis Nasyonal d Ayiti pran bonjan mezi pou akonpaye popilasyon nan kèk katye popilè aprè yo fin fè yon operasyon kèlkonk. Lapolis la pa kapab kite popilasyon an sibi revanj gang yo aprè yo fin mennen operasyon nan katye popilè yo.

2- Pou sa ki gen awè ak antre/sòti pati sid kapital la :

Komisyón an mande Lapolis Nasyonal d Ayiti pran bonjan dispozisyon pou kwape moun ame k ap simen latwoublay nan zòn sa a ak mete kèk inite espesyalize nan Lapolis la depi Matisan 23 rive jis Pòtay Leyogàn.

3- Pou sa ki gen awè ak fanmi yo ki blije kite lakay poutèt vyalans lan :

Komisyón an mande pou Leta ayisen atravè Ministè Afè Sosyal ak Travay, Ministè Enteryè, Lapolis Nasyonal d Ayiti yo chak bò kote pa yo pran bonjan dispozisyon pou dwa moun k ap viv nan katye popilè yo respekte.

Ministè Afè Sosyal ak Travay dwe pran swen pakèt fanmi ki deplase yo k ap dòmi sou plas piblik ak devan kèk mache piblik, Ministè a dwe kreye kondisyon pou yo jwenn yon èd ki efikas. Lapolis ak Sekirite Piblik dwe bay pwoteksyon ak rès popilasyon ki rete anndan katye sa yo.

4- Pou sa ki gen awè ak ankèt yo ki pa janm abouti :

Komisyón an mande pou Lapolis ak Lajistik pibliye rezulta ankèt yo pou popilasyon an kapab konnen kilès ki reskonsab diferan zak vyalans yo ; epitou Lajistik dwe pran sanksyon kòrèk kont otè zak kriminèl sa yo selon sa lalwa mande. Menm jan koupab yo dwe kondane pou zak yo repwoche yo, li enpòtan pou chak moun ki viktim vyalans jwenn jistik nan non diyite li genyen kòm moun.

(Version Française)

Le travail d'observation de la CE-JILAP dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince

Les points saillants du deuxième trimestre de l'année 2019

Pour le deuxième trimestre de l'année 2019, la Commission Episcopale Nationale Justice et Paix a observé et enregistré 123 cas de personnes qui sont mortes suite aux des actes de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. Parmi eux, 84 personnes qui sont mortes par balles, six (6) personnes par armes blanches, 21 personnes sont mortes dans des accidents de circulation routière, 11 personnes sont mortes suite aux intempéries et pour 1 victime la cause de sa mort est inconnue.

Le deuxième trimestre de l'année en cours, tout comme le premier trimestre, a été marqué par une série de manifestations contre le président Jovenel MOISE et son équipe gouvernementale. Ces manifestations ont duré plus de deux semaines et la Commission a enregistré plusieurs cas de morts, de blessés et quelques dégâts matériels en ces occasions. D'autant plus, les habitant(e)s de certains quartiers populaires, en particulier les jeunes, sont constamment victimes des actes de tueries. Les gangs armés achètent les rues de Port-au-Prince et les quartiers populaire avec de l'argent comptant ; ils empêchent les gens de circuler librement et de se rendre à leurs occupations. Cette situation crée une peur chez les habitant(e)s de ces quartiers populaires, et les oblige à fuir leurs maisons pour s'installer chaque soir sur des places publiques et devant quelques marchés publics dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince.

La Commission Justice et Paix a enregistré, pour ce deuxième trimestre, au moins une(1) personne morte chaque jour, suite aux actes de violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince. La majorité des actes de violence sont perpétrés dans quelques quartiers populaires de la commune de Port-au-Prince comme : Village-de-Dieu, La Saline, et le marché de la Croix-des-Bossales.

La Commission est bien consciente qu'elle ne peut pas enregistrer tous les victimes des actes de violence dans la zone métropolitaine, mais elle pense que les données recueillies peuvent aider les autorités, chacune en ce qui la concerne, pour définir un meilleur plan de sécurité afin de stopper cette situation de violence qui déjà fait couler trop de sang innocent.

LES CONSTATS

- a) Depuis quelques temps, la 3^{ème} circonscription de la commune de Port-au-Prince reste un des plus gros défis sur le plan de la sécuritaire pour l'Etat haïtien. De Portail Léogane en passant par la 1^{ère} jusqu'à la 5^{ème} Avenue Bolosse, Carrefour Feuille, Savane Pistache, Grand Ravine, Ti Bois, Village-de-Dieu, Bicentenaire jusqu'à Fontamara les gens craignent constamment pour leur vie. Plusieurs familles ont déjà quitté leurs maisons. Jusqu'à maintenant, la Police n'est pas encore capable d'établir un bon plan de sécuritaire pour permettre aux habitant(e)s de ces zones de reprendre confiance et de retourner chez eux.
- b) Le marché de la Croix-des-Bossales qui est le plus grand marché public en Haïti est devenu depuis quelques temps un théâtre de guerre entre plusieurs groupes de gangs armés rivaux. L'une des causes qui alimente ce conflit est la lutte pour les recettes de ce marché public qui est une manne au quotidien. Ces derniers jours, les gens armés sont impitoyables et n'épargnent personne lors des affrontements. Les petites commerçantes, les acheteurs ou passants sont susceptibles d'être atteints par une balle provenant des coups de feu des gens armés. Chaque jour, des personnes meurent au marché de la Croix-des-Bossales sous le regard impassible des autorités policières et judiciaires. Il est difficile pour la Commission de recenser le nombre exacte des victimes en cet endroit à cause de la pratique adoptée par les criminels de faire disparaître toute trace des cadavres, en décapitant et brûlant les corps des victimes avant de faire disparaître les restes dans des sacs. Plusieurs témoignages confirment ces pratiques.
- c) Ces cinq (5) dernières années, la Commission a constaté qu'il y'a une amélioration dans le domaine du transport dans le pays, surtout en ce qui concerne le transport en commun interdépartemental. Cette amélioration est possible grâce à certains investissements privés dans le domaine du transport en commun. Il reste d'ailleurs beaucoup à faire du côté de l'Etat haïtien. Le pays ne peut pas continuer d'accepter que de gros camions trop chargés avec des personnes et des marchandises circulent à grande vitesse sur les routes nationales ; les bus pappadap dépassent les autres voitures sans aucun respect pour les règles de la circulation, sans oublier qu'il y a pas un service d'inspection valable pour vérifier l'état de délabrement de ces véhicules qui circulent et qui parfois deviennent un danger pour les personnes qu'ils transportent. Cette situation est inquiétante parce qu'elle entraîne beaucoup d'accidents routiers.

La Commission rappelle qu'en date du 1^{er} Mai 2019, un mini bus pappadap chargé de jeunes qui revenaient d'une journée d'excursion au Fort Jacques et Fort Alexandre, a fait un tonneau sur la route de la Montagne Noire dans la commune de Pétion-Ville ; quatre (4) personnes sont mortes sur place et on a dénombré plusieurs blessés graves. Jusqu'à présent, aucune enquête n'a été ouverte pour comprendre la cause de cet accident mortel.

APROFONDISSEMENT DE L'ANALYSE

1- D'où viennent les armes et les munitions qui se trouvent dans les quartiers populaires ?

La réalité des groupes de gangs armés dans plusieurs quartiers populaire n'est pas facile à comprendre. Parce qu'on peut se demander : Pourquoi c'est dans ces quartiers là où les gens vivent avec moins que deux (2) dollars par jours, pourtant il y a des jeunes gens qui utilisent des armes de grandes calibres pour détruire la vie de leurs semblables ? Donc pour plusieurs jeunes de ces quartiers populaires, l'utilisation d'une arme à feu est presque devenue une chose ordinaire à la portée de tous et de toutes, même s'ils savent que ces mêmes armes à feu peuvent les détruire.

Les armes et les munitions coûtent très chers et ils ne sont guère fabriquées dans ce pays. En plus, Haïti est sous embargo depuis l'époque du coup d'état contre le président Jean-Bertrand Aristide. Il est difficile pour comprendre que, ce sont ces jeunes-là, qui sont mal nourris, mal vêtus, qui ne peuvent pas fréquenter un bon établissement scolaire, qui n'ont aucun accès à un espace récréatif pour eux-mêmes et leurs familles ou encore leurs parents, pourtant qui achèteraient ces armes et munitions pour répandre le deuil dans les rues de Port-au-Prince et dans les quartiers populaires. C'est un devoir de mieux comprendre la réalité des gangs dans les quartiers populaires, parce que parfois ces jeunes aussi sont des victimes :

- 1.1. Ils sont victimes de ce qui se passent devant leurs yeux chaque jour ;
- 1.2. Ils sont victimes des chefs de gangs qui les entraînent à commettre des actes de violence et de meurtre ;
- 1.3. Ils sont victimes des barons de la drogue et la marijuana qui les utilisent pour leurs intérêts.

La Police est quasiment absente dans les quartiers populaires. Par contre, certains policiers empêchent souvent que des actes de violences soient posés dans les zones où ils habitent. La Commission Justice et Paix pense à l'inspecteur de police **Alix Jean René** qui avait une position claire sur la question du banditisme dans les quartiers populaires. L'inspecteur Alix a participé au forum que la Commission a organisé du 5 au 6 septembre 2018 à l'Hôtel Le Plaza sur le thème : « Violence et criminalité en Haïti : causes et conséquences³ ».

Durant ces deux(2) jours du forum, l'inspecteur Alix a montré sa conviction et sa détermination dans son travail au quotidien pour éradiquer le phénomène de violence dans les quartiers populaires. Il était surpris de voir l'ensemble des travaux déjà réalisé par la CE-JILAP sur la réalité de la violence dans le pays.

³ Violence et criminalité en Haïti : Causes, conséquences ? (Rapport OBS # 68)

